Poetik manzarada hayot ibtidosi va intihosi xususida so’z yiritiladi. Xolis tashqi kuzatuv mohiyatni to’laqonli anglashga zamin hozirlaydi. Azal-azaldan ijod inson ko’nglini kashf etishga intiladi. Istak hamda imkon orasida kuzatiladigan tafovut uning hayotiy qamrovini belgilaydi. O`z navbatida, har bir adabiy talqin inson tabiatiga singdirilgan «mavjudlik jumbog’i»ni anglash va o’zlashtirishga harakat qiladi. Aniqrog’i, hayotiy idrok tabiati va estetik qamrov darajasi shuni taqozolaydi. Shu ma’noda, adabiy tafakkur poetik mushohada mantiqiy taraqqiyotini tugal va yaxlit, tuyg’u va ong tutashuvini to`liq va batafsil, tasvir va ifodani ixcham va siqiq tarzda jilvalantirish quvvatiga ega. Binobarin, inson faol munosabatini holat va harakat uyg’unligida umumlashtirishga moyillik badiiy ifodani kengaytiradi. Unda tahlil va tasvir qorishib ketadi.

Umuman, Erkin Vohidov yaratgan adabiy taqvim milliy mustaqillik ma’naviyatini mustahkamlashda davom etadi. Muntazam jamiyat estetik idealini yangilashga xizmat qiladigan shoir she’riyatida ulug’vor salobat ustuvor. Unda idrok ko’ngildan real hayot manzaralariga yuzlanadi, tasvirda uyushgan sezim shukuhi kuchli po'rtanalar uyg'otadi. Mushohada yig'iqligi va falsafiy tarqoqligi quyuqligi shoir g’oyaviy-estetik olami qudratini belgilaydi. Muallif badiiy tafakkurida kechadigan ruhiy holat ma'naviy qiyofa butunligiga daxldor. Inson dunyoqarashidan oziqlanadigan mavjud jarayon muntazam fikr yuksalishini taqozolaydi. Ruhiy holat ijtimoiy ildizlarini yoritishga yo'naltirilgan sohir she'riy tanlovda ajib bir tarovat qabarib ko'rinadi. Ruh ma'naviy daxlsizligini ijtimoiylashtirgan shoir adabiy talqinida inson iroda yo'nalishiga ishonch hissi yetakchi. Unda badiyat, dard hamda nafosat umumlashmasi yorqin tajassumini topadi.

**Adabiyotlar**

1. Mirziyoyev Sh.M. Tanqidiy tahlil, qat’iy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik – har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bo’lishi kerak. –T.: «O’zbekiston», 2017.
2. Bahodir Karim. Ruhiyat alifbosi. –T.: // «Adabiyot va san’at», 2016.
3. Vohidov E. She’r dunyosi. –T.: //«Adabiyot va san’at», 2001.
4. Mustaqillik davri adabiyoti. –T.: // «Adabiyot va san’at», 2006.
5. Quronov D. Mutolaa va idrok mashqlari. –T.: «Akademnashr», 2013.
6. G’afurov I. Yurak – alanga. –T.: Adabiyot va san’at, 1979.

**REZYUME**

Maqolada Erkin Vohidov lirikasida g’oya va adabiy talqin takomili, shoir ifoda uslubi o’ziga xosligi hamda so’z badiiy vazifadoshligi xususida mushohada yuritiladi. Unda ijodkor fitrati namoyishi, tasvir obyekti darajasi, hayotni poetik tadqiq etish tamoyillari, estetik idrok tabiati, muallif mahorat qirralari va baholash mezonlari nazariy jihatdan umumlashtiriladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье выражены мнение о совершенстве идеи и литературного анализа, своеобразность способа выражения поэта, и её художественной взаимозаменяемости. В нём теоретически обобщены демонстрация субъекта поэта, уровни объекта изображения, принципы поэтического исследование жизни, природа эстетического разума, грани мастерства поэта и критерии оценивания.

**SUMMARY**

The articles deals with E.Vokhidov’s development of ideas and literacy interpretation, poet’s peculiarities of expression style and artistic work of words. In the article, the presentation of artist’s indulgence , an image object level, the principles of poetic study of life, the nature of aesthetic perception, author’s skills aspects and evaluation criteria are theatrically summarized.

## ЭПИКАЛЫҚ ЖАНР ТИПОЛОГИЯСЫ

**М.Д.Бекбергенова** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** адабий турлар, жанр, эпос, типология, проза, тасвирлаш усуллари, эпопея, роман, баёнловчи жанр.
**Ключевые слова:** литературные роды, литературные виды, жанр, эпос, типология, проза, способы изображения, эпопея, роман, повествовательный жанр.
**Key wodrs**: literary genres, literary types, genre, epic, typology, prose, ways of depiction, epic, novel, narrative genre.

Әдебияттаныў илиминде әдебий теклер, түрлер, жанрлар деген түсиниклер бар. Әййемги грек философ - ойшыллары Сократ, Платон, Аристотель заманларынан баслап көркем әдебият сүўретлеў өзгешелигине байланыслы үш түрге бөлингени белгили. Бирақ әдебий түрлер ҳәм жанрлар терминлериниң қолланылыўы бойынша хәр түрли көзқараслар ушырасады.

Булар ҳаққында әдебият теориясында алымлардың ҳәр түрли пикирлери бар.

«Введение в литературоведение» («Әдебияттаныўға кирисиў») сабақлығының авторы Г.Л.Абрамович әдебий теклерди әдебий сүўретлеўдиң усыллары деп атап, олар: эпикалық, лирикалық, драмалық, - деп көрсеткен еди [1:238]. Сондай-ақ, әдебий түр- бул поэзияның (көркем әдебият мәнисинде) белгили бир формасы, ал жанр-поэзияның түрлениўи,- деп қолланыўды усыныс еткен [1:239]. Белгили әдебиятшы илимпаз Л.И.Тимофеев жанр ҳаққында мына пикирди билдирген: «Француз сөзи «жанр» род деген мәнини анлатады.» Усы мәнистен келип шығып, илимпаз өзиниң «Теория литературы» сабақлығында еки терминниң қолланатуғынын атап көрсетеди: «жанр (род мәнисинде) ҳәм жанрлық форма (түр мәнисинде). Түрдиң ишинде бөлиниўлерди (жанр сөзиниң тар мәнисинде) жүда майда ҳәм артықша ,- деп есаплаған [2:355].

Г.Н.Поспелов өзиниң «Проблемы исторического развития литературы» («Әдебияттың тарийхый раўажланыўдағы машқалалары» деп аталған мийнетинде «жанр термининиң еки мәнисте колланылатуғынын көрсетеди: жанр деп бурыннан әдебий теклер (литературные роды) болып есапланған – эпос, лирика, драманы атаған. Этимологиялық көзқарастан бул дурыс, себеби, француз сөзи «genre» (латынша «genus») - род _(тек, шығыс) деген мәнисти билдиреди. Бирақ «жанр» деп көпшилик жағдайларда әдебий теклерди атамайды, ал ҳәр түрли әдебий теклерде пайда болғанларды, мәселен: эпопея, роман, новелла, очерк; яки ода, элегия, эпиграмма; яки трагедия, комедия, водевиль ҳәм т.б. атайды, - деп жазған еди [3:152].

Кейинги дәўирлерде әдебият теориясы бойынша сабақлық жазған В.Е. Хализев әдебий теклер бул эпос, драма хәм лирика,- деп түсиндиреди [4:190].

Қарақалпақ илимпазлары С.Ахметов, К.Султанов «Әдебияттаныў» сабақлығында жанр ҳаққында мына түсиникти берген: « Әдебият шығысы жағынан үлкен үш текке бөлинеди: эпос, лирика, драма. Ал, жанрлық жақтан роман, повесть, поэма, комедия т.б. деп бөлиў мүмкин. Өз гезегинде романды бир неше түрге жиклеўге болады» [5:186]. Профессор К.Мәмбетов «Әдебият теориясы» оқыў қолланбасында әдебияттың теги ҳәм түрлери бар екенлигин, олардың үш салаға бөлингенин – лирика, эпос, драма. Үш сала тийкарында әдебий жанрлардың барлық түрлери раўажланғанын түсиндирген [6:172].

«Әдебияттаныўдан сабақлар» оқыў қолланбасының авторы ф.и.д., проф. Қ.Жәримбетов жанрды түр деп

белгилейди ҳәм мына түсиникти береди: «Жанр көркем сөз өнериниң раўажланыўының барысында қәлиплескен түрлер болып есапланады. Әдебий түр ямаса жанр дегенде эстетикалық сезимлерди бериў усыллары, көркем сүўретлеў шәртлери, тематикалық, мазмунлық кәсийетлери бир-бирине уқсас ямаса күтә жақын болған шығармалардың топарына айтылады [7:28].

Көрип турғанымыздай, «жанр» термини әдебий тек мәнисинде де, әдебий түр мәнисинде де, әдебий форма мәнисинде де қолланылады. Л.И.Тимофеев жанр терминин әдебий тек (род) мәнисинде қолланған ҳәм жанрларды тийкарғы эпос, лирика, драма, қосымша: лиро-эпикалық жанр, көркем- тарийхый жанр, сатира - деп таллаған [2:353-405]. Илимпаз эпос термини ҳаққында да түсиник берген: «Эпос термини еки мәниске ийе. Тарийхий әдебий мәнисинде эпос-бул халық поэмалары ҳәм ертеклер (рус халық эпосы, антик эпосы). Теориялық мәнисинде эпос адамлар характерлерин кең түрде сәўлелендиретуғын тийкарғы белгиге ийе жанр. Эпос грек тилинен алынған ҳәм «сөз» деген мәнисти билдиреди. Эпос бул баянлаўшы жанр (повествовательный жанр). Эпоста адамның өмир жолы баян етиледи, ол қатнасқан ўақыялар, ислеген ислери, адамлар менен қатнасықлары сүўретленеди [2:357-358].

Бурынғы аўқам дәўириндеги әдебияттаныў илиминде қарақалпақ әдебиятын жазба әдебияты кем раўажланған әдебиятлар топарына киргизди. XX әсирге шекем проза болмады, деген пикирлер болды. Проза бул жанр емес, қара сөз бенен жазылған шығармалар. Эпос қарақалпақ фольклорында ертек, аңыз, аўызеки әңгимелер, толғаўлар, дәстанлар, жанрлық формалар болып пайда болды, қәлиплести, раўажланды.

Жазыўшы Ўатан әдебиятының миллий дәстүрлериниң тийкарында өз шығармаларын дөретеди. Қарақалпақ халқының ерте дәўирлерден баслап пайда болып қәлиплескен, раўажланған халық аўызеки дөретиўшилигинде эпикалық баянлаўшы жанр қәлиплесип келген. Олар жырлар, толғаўлар, әпсаналар, рәўиятлар, ертеклер, дәстанлар миллий жазба әдебиятының эпикалық жанрының раўажланыўына тийкар салды.

Эпикалық жанрдың тарийхый-әдебий раўажланыў жолы жәҳән әдебияты тарийхында аты белгили Эзоптың тымсалларынан басланады. Оның тымсалларының көпшилиги тәрбиялық әҳмийетке ийе. Мәселен, Эзоптың «Ҳайўанлар ҳәм чума» атлы тымсалы белгили. Бул тымсалда үлкен жаўызлықлар мойынланбай, кишкене қылмысы ушын ешектиң жазаға тартылғаны сөз етиледи.

Көркем әдебиятта инсан характериниң ашылыўы турмыс жөнелисиниң сүўретлениў типлерине қарай үш формаға бөлинеди. Олар: киши, орта ҳәм үлкен форма деп бөлинеди. Булар: гүрриң, повесть, роман. Жанрлық формалардың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўиниң өз алдына тарийхы ҳәм классификациялық белгилери бар. Эпостың тийкарғы белгиси: ол баянлаўшы жанр. Адамның өмирлик жолы, оның ис-ҳәрекетлери, ишки кеширмелери, жәмийетте жасайтуғын басқа адамлар менен қарым-қатнасы, ол қатнасқан ўақыялар баян етиледи. Баянлаўшы жанрдың дәстүри аўызеки әдебиятта пайда болған. Қарақалпақ халқының тарийхый жырларында, әпсана-аңызларда, толғаўларда ўақыялар баян етиледи. Көпшилик жағдайда эпикалық жанрдың бул формаларында қаҳарманлық ўақыялар сөз етиледи.

«Толғаўлар-қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелериниң белгили бир жанры. Толғаўлар түркий халықлардың көркем аўызеки дөретпелеринде өз алдына жанр болып қәлиплескен.» [8:218]

Көркем әдебияттың раўажланыў тарийхында уқсас жанрлар болады, бирақ ҳәр бир дәўирдиң өзиниң өзгешелиги тийкарында жанрлардың мазмуны ҳәм характери өзгерип барады. XX әсир қарақалпақ әдебиятында проза жанрының пайда болыўына ҳәм қәлиплесиўине үлес қосқан жазыўшы С.Мәжитов. Оның «Еки пазна», «Дослық», «Мийрас» ҳәм т.б. гүрриңлеринде әдеп-икрамлық мәселеси, тәрбия темасы сөз етиледи.

С.Мәжитовтың гүрриңлериндеги тәрбиялық мәселелерди сөз етиў дәстүри Т.Қайыпбергеновтың дәслепки гүрриңлеринде мийраслылық форманың раўажланыў сыпатында көринеди. Мәселен, С.Мәжитовтың «Мийрас» гүрриңинде бир үйдиң еки улы ҳаққында сөз етиледи. Үлкен баласы әкесинен қалған байлыққа исенип қалады. Генже баласы әке мийрасынан үмит етпей, өз мийнети менен турмыстан орын алады. Бул гүрриңдеги тийкарғы идея-мийнет пенен өмирде өз бахтына ерисиў.

Т.Қайыпбергеновтың «Исиң сөзиңдей емес» гүрриңинде Төребай жасы үлкенлерди ҳүрметлеў ҳаққында мектепте класс мәжилисинде дурыс сөйлеген менен, турмыста автобуста болған ўақыяда өзиниң анасына орынды бериўди умытып кетеди.

Баянлаўшы жанрдың бул киши формасында инсанның өмирлик жолына характерли болған бир эпизод ғана сүўретленген. Ал, баянлаўшы жанрдың орта формасы болып есапланатуғын повесть формасында белгили бир дәўир, инсан өмириниң белгили бир басқышы бир қатар эпизодлар қамтылған ҳалда инсан турмысы сүўретленеди. Көркем шығарма бул жәмийетлик турмыстың раўажланыў барысындағы белгили бир тарийхый мәўритлердиң сүўретлениўи болып табылады. Қарақалпақ прозасы тарийхында повесть эпикалық жанрдың орта формасы сыпатында XX әсирдың 30-жылларындағы М.Дәрибаевтың «Мыңлардың бири» дөретпеси менен басланады. Қарақалпақ повестиның буннан соңғы раўажланыў басқышы XX әсирдиң 60-70-жыллары менен белгиленеди. Қарақалпақ әдебиятының белгили жазыўшылары Ж.Аймурзаевтың «Жетимниң жүреги», Ш.Сейтовтың «Қашқын», «Көп еди кеткен тырналар», Т.Қайыпбергеновтың «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», С.Бахадырованың «Ҳаяллар», Г.Есемуратованың «Жийрен» ҳәм т.б. повестлери баянлаўшы жанрдың ҳәр қыйлы түрлерде раўажланыўын тапты. Соның ишинде, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер» повестлери қарақалпақ миллий прозасының тарийхында жаңа әдебий қубылыс болды ҳәм эпикалық баянлаўшы жанрының қарақалпақ әдебияты тарийхында жаңа көркем шығармалардың пайда болыўын белгиледи.

60-80-жыллардағы қарақалпақ прозасының сыпатлы өзгешелиги прозаның барлық жанрларының раўажланыўынан ибарат.

Жазыўшылардың шеберлиги олардың көп жобалы реалистлик шығармалар дөретиўге умтылыўы күшейди. Усы ўақытта профессионал жазыўшылар өсип шықты, олардың дөретпелеринде реализм принциплери қәлиплести ҳәм раўажлана баслады. Т.Қайыпбергенов, К.Султанов, А.Бекимбетов, Х.Сейтов, Ш. Сейтов, А. Алиев, И. Қурбанбаев, С.Салиев, К.Мәмбетов, С.Бахадырова, К.Алламбергеновлардың прозалық шығармалары миллий көркем ой-пикирдиң көтерилгенлигин, миллий көркем тәжирийбениң толысқанлығын көрсетеди. Соңғы жылларды жаңа очерклердиң, гүрриңлердиң, повестьлердиң, романлардың, роман-диалогиялардың, трилогиялардың, тетралогиялардың, роман-эсселердиң пайда болыўы соңғы жыллардағы қарақалпақ прозасының жанрлық жақтан өскенлигин көрсетеди. Қарақалпақ прозасының тематикасы ҳәр қыйлы:

заманагөйлик, тарийхый социаллық тема, тарийхый тема, екинши жәҳән урысы темаларынан ибарат болды.

Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» (бул «Маман бий ҳаққында аңыз» (1968), «Бахытсызлар» (1971), «Түсиниксизлер» (1975) романларынан ибарат), К.Мәмбетовтың «Бозатаў» (1986), «Посқан ел» (1988 – биринши китабы) тарийхый темаға бағышланған. К.Султановтың «Әжинияз» (1967) романы, О.Бекбаўлиевтың «Тарас Аралда» (1984) повести, оның «Беруний» (1972) романы тарийхый өмирбаянлық жанрда жазылған. Ж.Аймурзаевтың «Жетимниң жүреги» (1961) повести көркем өмирбаянлық жанрда жазылған.

«Қарақалпақ халқы мәдениятының бүгинги раўажланыў дәрежеси роман пайда етпей қоймайды», -деп жазған еди профессор С. Баҳадырова [8: 182]. Әдебиятшы Ж. Нарымбетов қарақалпақ әдебиятының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў жолларын изертлей отырып, роман термини қарақалпақлардың әдебий турмысына биринши рет отызыншы жыллардың басында, қарақалпақ әдебиятында көлеми бойынша бурынғыға қарағанда тарийхый дәўирди кеңнен көрсетиў тенденциясы айқынырақ көзге түсти» деп жазды [9:55].

Бирақ изертлеўшиниң дурыс көрсеткениндей, бул дәўирде романлар ҳәм повестьлер дөретиў жөниндеги дәслепки нийетлер пайда болған еди, жаңа жанрдың нызамларын ҳәм өзгешеликлерин өзлестириў ушын жоллар үйренилди.

ХХ әсир қарақалпақ прозасын изертлеўшилер М.К.Нурмухамедов, И.Т.Сағийтов, Қ.Мақсетов, С.Ахмедов, Ж.Нарымбетов, С.Баҳадырова, З.А.Насруллаева, Т.Ю.Қурбанбаевалар өзлериниң илимий изертлеў жумысларында қарақалпақ романының қәлиплесиўинде миллий дәстүр менен биргеликте басқа халықлардың тәжирийбеси орын алғанын атап өткен еди.

Әдебиятшы Ж.Нарымбетов өзинде реализмди терең сақлаған қарақалпақ эпосларында романға тән белгилерди тапты, ал Бердақтың «Амангелди», «Айдос бий», «Ерназар бий», Әжинияздың «Бозатаў» поэмаларын ол халық тарийхындағы биринши романлар деп атап көрсетти [9:56].

Эпикалық жанр типологиясын жәҳән әдебий жөнелиси көзқарасынан үйренгенде қарақалпақ миллий прозасының дүнья әдебиятындағы раўажланыў тенденцияларын ашып береди.

## Әдебиятлар


1. Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. -М.: «Просвещение», 1970.
2. Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. -М.: «Просвещение», 1971.
3. Поспелов Г.Н. Проблемы исторического развития литературы. -М.: «Просвещение», 1972.
4. Хализев В.Е. Теория литературы. -М.: «Высшая школа», 1999.
5. Ахметов С., Султанов К. Әдебияттаныў. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
6. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. – Нөкис: «Билим»,1995.
7. Járimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. – Nókis: «Qaraqalpastan», 2012.
8. Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. –Нукус: «Каракалпакстан», 1984.
9. Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман. –Ташкент: «Фан», 1974.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада XX аср қорақалпоқ прозасининг типологияси ўрганилади. Адабиётшунослик илмидаги адабий турлар, жанрлар бўйича олимларнинг Г.Л.Абрамовичнинг, Л.И.Тимофеевнинг, Г.Н.Поспеловнинг, В.Е.Хализевнинг, қорақалпоқ олимлари С.Ахметов, Қ.Султанов, К.Мамбетов. Қ.Жаримбетовларнинг эпик жанр термини бўйича мулоҳозалари келтирилган. Жанрнинг тарихий манбалари, шаклланиш йўллари ўрганилиб чиқилган. Қорақалпоқ ёзувчилари С.Мажитов, А.Бегимов, Ж.Аймурзаев, К.Султанов, Т.Қайипбергеновларнинг миллий адабиётда яратган эпик жанр шакллари таҳлилга олинган. Шунингдек, қорақалпоқ прозасини тадқиқ қилган олимлар М.К.Нурмухамедов, Ж.Нарымбетов, С.Баҳадыроваларнинг тадқиқот ишларига, қорақалпоқ романининг типологияси бўйича қарашлари қамраб олинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье изучается типология каракалпакской прозы XX века. Понятия литературных родов и жанров в литературоведении. Даётся обзор теоретических взглядов о литературном роде и жанре ведущих учёных Г.Л.Абрамовича, Л.И.Тимофеева, Г.Н.Поспелова, В.Е.Хализева, а также, каракалпакских литературоведов С. Ахметова, К. Султанова, К. Мамбетова, К. Жаримбетова. Изучены исторические источники повествовательного жанра, пути его становления. Анализируются эпические жанровые формы, созданные каракалпакскими писателями С.Мажитовым, А.Бегимовым, Ж.Аймурзаевым, К.Султановым, Т.Кайпбергеновым в национальной литературе. Также рассматриваются взгляды учёных - литературоведов М.К.Нурмухамедова, Ж. Нарымбетова, С. Бахадыровой изучавших каракалпакскую прозу, в частности касающихся вопросов по типологии каракалпакского романа.

**SUMMARY**

This article examines the typology of twentieth-century Karakalpak prose. Literary types and genres in the field of literary criticism were studied by G.L.Abramovich, L.I.Timofeev, G.N.Pospelov, V.E.Khalizev, Karakalpak scholars S.Akhmetov, K.Sultanov, K.Mambetov. K.Zharimbetov's comments on the term of the epic genre are given. The historical sources of the narrative genre, the ways of its formation have been studied. The epic genres created by Karakalpak writers S.Mazhitov, A.Begimov, J.Aimurzaev, K.Sultanov, T.Kaipbergenov in the national literature are analyzed. It also covers the views of scholars who have studied Karakalpak prose M.K.Nurmukhamedov, Zh.Narymbetov, S.Bahadyrova on the research work on the typology of the Karakalpak novel.


# БАДИИЙ ТАРЖИМАДА ҚАҲРАМОН ПОРТРЕТИ ВА МИЛЛИЙ КИЙИМ – КЕЧАКЛАР

(“Юлдузли тунлар” романининг туркман тилидаги таржимаси мисолида)


**Б.Бўронова –** *ўқитувчи*

*Ўзбекистон журналистика ва оммавий коммуникациялар университети*



**Таянч сўзлар:** бадиий таржима, аслият, давр манзараси, тарихий реалия, қаҳрамон руҳияти, портрет, историзмлар, таҳлил ва талқин.

**Ключевые слова:** художественный перевод, оригинальность, пейзаж эпохи, историческая реальность, душевное состояние героя, портрет, историзмы, анализ и интерпретация.

**Key words:** literary translation, original, atmosphere of the period, historical reality, character's spirit, portrait, historisms, analysis and interpretation.


Бадиий таржимада миллий кийим-кечакларни иккинчи тилда тўғри ва аниқ ифодалаш ҳам муҳим муаммолардан бири саналади. Айниқса, гап тарихий асарларнинг таржимасида ҳақида кетганида, бу масъулиятли ишнинг юки янада оғирлашади. Жумладан, “Юлдузли тунлар” романининг туркман, қорақалпоқ, рус тилларидаги таржима вариантлари аслият билан солиштириб-қиёсланганда, бадиий таржима соҳасидаги ютуқлар ва камчиликлар, таржимоннинг маҳорати, бадиий таржима соҳасидаги муаммолар ойдинлашади. “Юлдузли тунлар” тарихий роман бўлгани сабабли, асар матнида кўплаб историзмга айланган миллий анъанавий устки ва бош кийим номлари учрайди. Масалан, роман матнида ***бўрк, банорас, чакмон, сидирға, дакана, чориқ, қабо, атлас кўйлак, сақарлат делегай, тоқи*** каби миллий кийим номлари учрайди. Мазкур миллий кийим-кечак номларидан баъзилари бугунги кунда ўзбек тилида деярли истеъмолдан чиққан, историзмларга айланган. Масалан, *сақарлат делегай, қабо* нутқимизда ҳам,